

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan, ogé hal-hal anu patali jeung métode panalungtikan, nyaéta (1) desain panalungtikan, (2) data jeung sumber data, (3) téhnik ngumpulkeun data, (4) instrumén panalungtikan, jeung (5) téhnik ngolah data.

3.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Metode déskriptif digunakeun kalawan léngkah-léngkah panalungtikan ku cara ngumpulkeun data, nyusun papasingan data, nganalisis tur napsirkeun data (Arikunto, 2013). Nurutkeun Noor (2013, kc. 254), métode panalungtikan nyaéta anggapan dasar ngeunaan hiji hal nu dijadikeun dadasar mikir dina ngalaksanakeun panalungtikan. Métode panalungtikan minangka cara utama nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngahontal tujuan jeung ngajawab pasualan nu aya dina rumusan masalah anu diajukeun.

Nurutkeun Ahmad jeung Narbuko (dina Huri, 2010, kc. 49) métode déskriptif téh nyaéta métode nu digunakeun pikeun ngungkulan masalah aktual ku cara ngumpulkeun data, nyusun, ngawilah-wilah, nganalisis, sarta ngainterprétasikeun. Sukardi (dina Huri, 2010, kc. 49) ogé nétélakeun yén métode déskriptif téh mangrupa métode panalungtikan nu ngagambarkeun sarta ngainterprétasikeun objék saluyu jeung kaayaanana. Métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun sarta nganalisis wangun jeung pola kalimah nu aya dina téks warta siswa kelas VIII SMPN 44 Bandung.


Desain panalungtikan nyaéta prosés nu dirarancang pikeun ngajawab sarta ngajéntrékeun sababaraha masalah atawa pasualan nu aya dina panalungtikan. Ieu desain panalungtikan téh disusun dumasar kana pamarekan jeung métode di luhur.

Fanny Setiawati, 2021

ADEGAN KALIMAH BASA SUNDA DINA TÉKS WARTA SISWA KELAS VIII SMPN 44 BANDUNG TAUN AJAR 2020/2021

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Desain panalungtikan mangrupa guluyuran atawa tingkatan panalungtikan nu léngkah-léngkahna: ngarumuskeun masalah, ngumpulkeun data, ngolah data, déskripsi data, jeung kacindekan. Desain ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan 3.1 ieu di handap.




Bagan 3. 1 Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data ieu panalungtikan téh nyaéta kalimah dina téks warta siswa kelas VIII-G SMPN 44 Bandung. Saluyu jeung nu ditétélakeun ku (Arikunto, 2013) yén data téh mangrupa hasil catetan panalungtik, kana fakta tulisan atawa ogé angka. Ari sumber data mah, nurutkeun (Sutopo, 2006, kc. 56), mangrupa data anu kajaring tina métode nu tangtu, anu mangrupa jalma, artéfak, atawa dokumén.

Dumasar kana judul, sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta téks warta nu disusun ku siswa Kelas VIII-G SMPN 44 Bandung, nu jumlahna aya 20 téks. Ieu di handap conto téks ti dua urang siswa awéwé jeung lalaki.




Gambar 3. 1 Téks Warta Siswa I

Fanny Setiawati, 2021

ADEGAN KALIMAH BASA SUNDA DINA TÉKS WARTA SISWA KELAS VIII SMPN 44 BANDUNG TAUN AJAR 2020/2021

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Gambar 3. 2 Téks Warta Siswa II

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés jeung téhnik dokuméntasi.

3.3.1 Téhnik Tés

Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data téks warta siswa. Wangun téks anu digunakeun nyaéta essay. Warta nu dijadikeun data téh topikna bébas, tapi minimalna dina salambar téh aya dua paragraf.

Fanny Setiawati, 2021

ADEGAN KALIMAH BASA SUNDA DINA TÉKS WARTA SISWA KELAS VIII SMPN 44 BANDUNG TAUN AJAR 2020/2021

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3.2 Téhnik Dokuméntasi

Dokumén nyaéta hiji hal nu mangrupa hasil tulisan atawa cétakan anu bisa digunakeun minangka bukti, data, atawa katerangan. Patali jeung ieu panalungtikan digunakeun téhnik dokuméntasi lantaran sumber datana mangrupa dokumén hasil tés tulis. Téhnik Dokuméntasi digunakeun pikeun néangan jeung ngumpulkeun data kalimah tina téks warta.

Dumasar kana dua téhnik di luhur, léngkah-léngkah dina ngumpulkeun datana saperti ieu di handap:

- 1) Studi pustaka ngeunaan tiori nu nyoko kana ieu panalungtikan;
- 2) Ngayakeun tés tulis téks warta;
- 3) Ngumpulkeun hasil tés nulis téks warta;
- 4) Nyusun lembar tés;
- 5) Maca tur nyirian kalimah dina téks warta siswa;
- 6) Nyalin kalimah dina téks warta karangan siswa kana tabél kartu data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan pagawéan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé (Arikunto, 2013). Dina ieu panalungtikan, panalungtik boga kalungguhan pikeun ngumpulkeun data, ngajén kualitas data, analisis data, nafsirkeun data, jeung nyieun kacindekan (Sugiyono, 2017, kc. 102). Instrumén dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun lembar tés jeung kartu data.

3.4.1 Lembar Tés

Lembar tés dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngumpulkeun data, ieu lembar tés pikeun nyieun téks warta siswa. Ieu lembar tés tuluy dipaké pikeun mikanyaho wangun jeung pola kalimah nu aya dina téks warta siswa kelas VIII-G SMPN 44 Bandung. Ieu di handap bagan 3.2 lembar tés siswa.

<p>Wasta :</p> <p>Kelas :</p> <p><i>Pék jieun hiji téks warta anu témana bébas! (Minimal dua paragraf).</i></p> <p>.....</p> <p>.....</p>

Bagan 3. 2 Lembar Tés Siswa

3.4.2 Kartu Data

Kartu data digunakeun pikeun ngaklasifikasi jeung ngadéskripsikeun data. Dina kartu data aya informasi ngeunaan, (1) téks warta anu jadi variabel kauger, anu dicirian saperti (TW-01/03/02). (TW-01) éta kode anu nuduhkeun téks warta siswa kahiji nu dijadikeun panalungtikan/ (03) éta kode hartina kalimah nu digunakeun téh aya dina paragraf katilu/ ari (02) éta kode miboga harti yén kalimah téh mangrupa kalimah anu kadua.

Kartu data nu digunakeun diébréhkeun saperti ieu di handap:

KARTU DATA	
<i>(Kalimah anu dicutat).</i> (TW-01/03/02)	
Wangun Kalimah	: 1. Salancar (basajan jeung jembar) 2. Rangkepan (ngantét jeung sumélér)
Struktur Kalimah	:
F (Pola)	: J – C – U/Pa – K
K	: K/FB – K/FP – K/FB – Adv/FP

Bagan 3. 3 Kartu Data

Keterangan kartu data :

- (a) Wangun Kalimah: Kalimah Salancar jeung Kalimah Rangkepan
- (b) ID sumber cutatan

Fanny Setiawati, 2021

ADEGAN KALIMAH BASA SUNDA DINA TÉKS WARTA SISWA KELAS VIII SMPN 44 BANDUNG TAUN AJAR 2020/2021

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- (TW-01), éta kode nuduhkeun téks warta siswa kahiji nu dijadikeun panalugtikan
- /(03), éta kode nuduhkeun yén kalimah nu digunakeun aya dina paragraf katilu
- /(02), éta kode nuduhkeun yén kalimahna téh mangrupa kalimah nu kadua

(c) Analisis

Struktur Kalimah

Analisis struktur kalimah di antarana:

- F : Analisis fungsi gramatikal unsur-unsur fungsional kalimah
- K : Analisis katégori unsur-unsur fungsional kalimah

3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data mangrupa kagiatan nganalisis data nu geus dikumpulkeun. Dina ngolah data ieu digunakeun métode distribusional kalawan téhnik analisis unsur langsung. Nurutkeun Hockett (dina Sudaryat, 2014), analisis unsur langsung téh mangrupa analisis nu niténan unsur-unsur basa anu langsung ngawangun unsur saluhureunana.

Éta data diolah kalawan léngkah-léngkah saperti ieu di handap:

- 1) Mariksa atawa niténan deui data kalimah nu geus dikumpulkeun tina téks warta karangan siswa;
- 2) Ngaruntuykeun data sacara alfabétis;
- 3) Méré kode jeung nomer kana data panalungtikan;
- 4) Nyieun papasingan data dumasar kana wangun jeung adegan kalimahna;
- 5) Nganalisis kalimah dumasar kana wangun jeung adegan kalimahna;
- 6) Ngadéskripsikeun kalimah dumasar kana wangun sarta adegan kalimah; jeung
- 7) Nyieun kacindekan tina hasil analisis kalimah dumasar kana wangun jeung adegan kalimahna, sarta ciri has tina téks warta siswa.